



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Punakawan Sinau Wayang

Punakawan Belajar Wayang



Penulis: Dwi Murwani
Ilustrator: Eros Rosita

B2



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Punakawan Sinau Wayang

Punakawan Belajar Wayang

Penulis : Dwi Murwani

Ilustrator : Eros Rosita

Penerjemah : Dwi Murwani

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Punakawan Sinau Wayang
Punakawan Belajar Wayang

Penulis : Dwi Murwani
Ilustrator : Eros Rosita
Penerjemah : Dwi Murwani
Penyunting : Nindwihapsari
Penata Letak : Eros Rosita

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-559-0 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Spicy Burger, Calibri

ii, 24 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!


Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Petruk lan Bagong lagi dolanan engklek. Bocah loro mau krungu swara gamelan.

Petruk dan Bagong sedang bermain engklek. Dua anak tersebut mendengar suara gamelan.



Petruk lan Bagong mikir saka ngendi asale swara gamelan mau.

Pak Semar mlaku ing ngarepe bocah loro mau.

“Badhe tindak pundi, Pak Semar?” pitakone Petruk.

Pak Semar kepengin weruh pagelaran wayang ing balai desa.

Petruk dan Bagong mengira dari mana asal suara gamelan tersebut.

Pak Semar jalan di depan anak-anak tadi.

“Mau ke mana, Pak Semar?” tanya Petruk.

Pak Semar ingin melihat pertunjukkan wayang di balai desa.



Pagelaran wayang dianakake kanggo mengeti mertu desa. Mertu desa ditindakake minangka raos syukur dumateng Gusti Allah. Saliyane kuwi, upacara iku kanggo nglestarekake tradhisi leluhur.

Pertunjukan wayang diadakan untuk memperingati *mertu desa*. Mertu desa diadakan sebagai bentuk syukur kepada Allah SWT. Selain itu, upacara tersebut digunakan untuk melestarikan tradisi leluhur.





Tekan balai desa, Petruk lan Bagong disuguhi langgam khas sing apik tenan.


Mung sethithik wong sing ndelok pagelaran wayang.

Pak Semar ngendiko bocah saiki luwih seneng dolanan HP.

Tiba di balai desa, Petruk dan Bagong disambut lantunan musik khas yang sangat indah.

Hanya sedikit pengunjung yang melihat pertunjukkan wayang.

Pak Semar berkata kalau anak sekarang lebih senang bermain HP.



Jaman modern bocah-bocah kurang seneng babagan kesenian tradhisional.

Wayang dianggep kuno lan ketinggalan jaman.

Sanadyan akeh pituladhan becik bisa dijupuk saka cerita wayang.

Sing gawe wayang, dhalang, lan pangrawit wis padha sepuh.

“Sapa sing bakal nguri-uri wayang?” pitakone Pak Semar.

Perkembangan zaman membuat anak kurang tertarik kesenian tradisional.

Wayang dianggap kuno dan ketinggalan zaman.

Meskipun banyak hal positif yang dapat kita ambil dalam cerita pewayangan.

Pembuat wayang, dalang, dan penabuh gamelan sudah tua-tua.

“Siapa yang akan melestarikan kesenian wayang?” tanya Bapak Semar.



Bocah-bocah padha bingung karo akehe piranti sing ditata.

Pak Semar nerangake babagan piranti pegelaran wayang.

Pak Semar uga nerangaken babagan dhalang, sindhen, lan pangrawit.

Anak-anak kebingungan dengan banyaknya peralatan yang ditata.

Pak Semar menerangkan tentang peralatan pertunjukkan wayang.

Pak Semar juga menerangkan tentang dalang, sinden, dan penabuh gamelan.



Biasane pagelaran wayang dianakake sewengi.

Wiwit jam sanga tekan jam lima esuk. Nanging durung rampung, bocah-bocah katon ngantuk.

Biasanya pertunjukan wayang diadakan semalaman.

Mulai pukul sembilan malam sampai lima pagi. Namun, belum sampai selesai, anak-anak terlihat sudah mengantuk.



Pak Semar ngajak mulih Bagong lan Petruk. Bocah-bocah padha gela.

Pak Semar kelingan marang Simbah Gareng. Simbah Gareng iku *pengrajin* wayang kulit. Petruk kang gela malih dadi bungah.

Pak Semar ngajak Bagong dan Petruk pulang. Anak-anak kecewa.

Bapak semar teringat pada Kakek Gareng. Kakek Gareng adalah pengrajin wayang kulit. Petruk yang kecewa berubah menjadi girang.



Pitik jago wes kluruk, tandha wus esuk.


Bocah-bocah padha nyedhaki Pak Semar.

Bagong ora sabar budhal neng nggone Simbah Gareng.

Ayam jago telah berkokok, penanda pagi telah tiba.

Anak-anak menghampiri Bapak Semar.

Bagong tidak sabar berangkat ke tempat Kakek Gareng.



Bocah-bocah melu Pak Semar menyang pasar kewan. Pak Semar arep mundhut lulang lembu.

Bapak nerangake menawa wayang kulit digawe saka lulang kewan. “Lha kok lulang lembu, Pak?” pitakone Petruk.

Amarga wayang saka lulang luwih awet tinimbang kain utawa kertas.

Anak-anak ikut Pak Semar berangkat ke pasar hewan. Pak semar ingin membeli kulit sapi.

Pak Semar menjelaskan bahwa wayang kulit terbuat dari kulit binatang. “Kenapa kulit sapi, Pak?” tanya Petruk.

Wayang dengan kulit hewan lebih awet dari pada kain atau kertas.



Bocah-bocah uwes tekan ing daleme Simbah Gareng.

Petruk lan Bagong salaman karo Simbah sinambi ngaras astane.

Mbah Gareng nakoni sapa sing pengen weruh koleksi wayange. “Kula!” wangsulane Bagong.

Anak-anak tiba di rumah Kakek Gareng.

Anak-anak berjabat tangan dengan Kakek Gareng sambil mencium tangan.

Kakek Gareng bertanya siapa yang ingin melihat wayangnya. “Aku!” jawab Bagong.



“Ayo, sapa sing arep melu gawe wayang?” pitakone Simbah.

Simbah njlentrehake yen nggawe wayang kui kudu teliti.

Bagong diajak milih lulang sing paling apik. Banjur misahake keluwihan daging lan lemak sing nempok.

Mbah Gareng njupuk kayu wujud kotak dawa kanggo nggampangake.

Petruk nggatekake lan ngewangi sak isane.

“Ayo, siapa yang mau ikut membuat wayang?” tanya Kakek Gareng.

Kakek Gareng menjelaskan bahwa proses pembuatan wayang harus teliti.

Mereka diajak memilih kulit yang berkualitas. Setelah itu, memisahkan kelebihan daging dan lemak yang menempel.

Kakek Gareng mengambil bidang persegi empat yang dibuat dari kayu untuk memudahkan pemilihan kulit.

Petruk memperhatikan dan membantu sebisanya.



Simbah Gareng kanthi ati-ati ngeruk lulang nganggo lading.

Simbah mesthekake yen lulange resik saka daging lan lemak.

Bagong lan Petruk ngewangi Simbah. “Angel tenan, Pak,” sambate Petruk. Pak Semar ngandani supaya sabar lan ati-ati.

Kakek Gareng mengikis kulit menggunakan pisau raut dengan hati-hati.

Kakek memastikan kulit benar-benar bersih dari daging dan lemak.

Bagong dan Petruk membantu Kakek. “Susah sekali, Pak,” keluh Petruk. Bapak Semar menasehati untuk sabar dan berhati-hati.



Bocah-bocah diajak metu saka omah. Simbah metu saka omah arep nggaringake lulang lembu.

“Kok adoh saka omah, Mbah?” pitakone Bagong.

“Supaya ora mambu,” ngendikane Simbah.

Simbah njlentrehake yen lulang dipepe rong dina. Kala-kala dipepe telung dina. Iki supaya garing tenanan.

Anak-anak diajak untuk keluar rumah. Kakek keluar rumah untuk mengeringkan kulit sapi.

“Kenapa jauh dari rumah pak?” tanya Bagong.

Agar tidak bau busuk” jawab Kakek.

Kakek menjelaskan bahwa kulit dijemur dua hari. Kadang-kadang dijemur tiga hari. Itu agar benar-benar kering.



Mbah Gareng njupuk lulang sing wus garing. Lulang mau wus dipepe telung dina kepungkur.

Simbah ngerok lulange nganggo lading. Lulang diresiki nganti ora ana wulune. Lulang dipepe maneh kaping pindho.

“Wah, suwe tenan,” jare Bagong.

Kakek Gareng mengambil kulit yang sudah kering. Kulit itu sudah dijemur tiga hari yang lalu.

Kakek mengikis kulit dengan menggunakan pisau. Kulit dibersihkan sampai tidak ada bulunya. Kulit dijemur kembali untuk kedua kalinya.

“Wah, lama sekali,” kata Bagong.





Simbah Gareng njupuk dluwang putih. Simbah ngendika yen piyambake arep nggambar dhisik nganggo dluwang. Mbah Gareng banjur nggambar wayang sing arep digawe.

Kakek Gareng mengambil kertas putih. Kakek berkata bahwa dia akan menggambar dahulu dengan kertas. Lalu, Kakek Gareng menggambar wayang kulit yang ingin dibuatnya.

Sawise kuwi, Simbah ngethok *pola* karo motife. *Pola* mau banjur ditemplekake ing lulang sing wis dicawisake. Anggone nemplekake nganggo lem saka pati. Sabanjure, lulange ditatah.

Setelah itu, Kakek memotong pola dan motif. Lalu, pola itu ditempelkan di kulit yang sudah disiapkan. Cara menempelkan menggunakan lem dari pati. Selanjutnya, kulit ditatah.



Simbah ngejak bocah-bocah ngumbah lulang nganggo banyu.

Simbah nyontoni carane ngresiki dluwang sing nemplek ing lulang. Banjur lulang sing wis diresiki dipepe nganti garing.

“Kok dangu, Mbah?” pitakone Bagong.

“Sabar. Rasah kesusu.” ngendikane Simbah.

Kakek mengajak anak-anak mencuci kulit dengan air.

Kakek memberi contoh cara membersihkan kertas yang menempel pada kulit. Lalu, kulit yang sudah bersih dijemur hingga kering.

“Kok lama, Kek?” tanya Bagong.

“Sabar. Tidak usah terburu-buru,” jawab Simbah.





Pring iku diperang dadi loro saka pucuk 30 cm.

Bambu itu dibagi menjadi dua dari ujung sekitar 30 cm.

Lulang mau banjur dijepit nganggo pring.

Kulit itu kemudian dijepit dengan bambu.



Simbah nalen pring nganggo bolah supaya bakoh. “Kok nganggo pring?” takone Petruk.

Kakek mengikat bambu dengan benang supaya kuat. “Mengapa menggunakan bambu?” tanya Petruk.



Simbah ngendika, “Biyen nganggo kayu utawa sungu kebo. Saiki sungu kebo lan kayune angel digoleki. Kejaba iku, pring luwih entheng lan awet.”

Simbah berkata, “Dulu menggunakan kayu atau tanduk kerbau. Sekarang tanduk kerbau dan kayu sulit didapat. Selain itu, bambu lebih ringan dan awet.”

Wayang kulit wus rampung digawe. Bocah-bocah ngerti menawa gawe wayang mbutuhake kasabaran.

Kasabaran bakal ngasilake sing apik. Kosok balene, kesusu ora ana gunane ing kahanan apa wae.

Wayang kulit sudah selesai dibuat. Anak-anak memahami jika membuat wayang memerlukan kesabaran.

Kesabaran akan membuahkan hasil yang baik. Sebaliknya, tergesa-gesa tidak ada gunanya dalam situasi apa pun.



Simbah maringi wayang marang bocah-bocah. Bocah-bocah seneng banget. Simbah maringi pitutur kanggo bocah-bocah.

Bocah-bocah kudu tresna lan nguri-uri kesenian wayang kulit.

“Sapa maneh sing bakal nguri-uri wayang?” pituture Simbah karo brebes mili.

Kakek memberi wayang kepada anak-anak. Anak-anak sangat senang. Kakek memberi nasihat kepada anak-anak.

Anak-anak harus mencintai dan melestarikan kesenian wayang kulit.

“Siapa lagi yang akan melestarikan kesenian wayang?” nasihat Kakek dengan berlinang air mata.

Biodata



Penulis

Dwi Murwani, lahir di Sleman pada tanggal, 12 November 1994. Dwi nama sapaanya menetap di Sambirejo, Randusari 003/002, Argomulyo, Cangkringan, Sleman, Yogyakarta. Menyelesaikan studi S1 Pendidikan Luar Sekolah tahun 2016 di Universitas Negeri Yogyakarta. Sekarang sedang menempuh pendidikan di Universitas terbuka. Anak pertama dari 3 bersaudara ini mengabdikan diri sebagai guru di TK PKK Widodo Sleman Yogyakarta. Motto hidup yang dimiliki “Bismillah, berikan yang terbaik”. Tertarik di dunia menulis karena menulis itu mengasyikkan dan mampu menginspirasi orang lain.



Ilustrator

Eros Rosita, senang berpindah-pindah. Bekerja sebagai *graphic designer*. Suka membuat ilustrasi dan sesekali menulis cerita pendek. Bisa disapa melalui IG: @_aoshy



Penyunting

Nindwihapsari, lahir di Surakarta pada 28 November. Pernah menyunting naskah cerita anak. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan memiliki tugas utama di bidang perkamusan dan peristilahan. Ia dapat ditemui di Balai Bahasa Provinsi DIY dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta atau via posel nindwihapsaribby22@gmail.com.



CERDAS
BERLITERASI



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Petruk dan Bagong mendengar suara gamelan.

Pak Semar mengajak mereka berdua
melihat pertunjukkan tersebut.

Petruk dan Bagong merasa kecewa karena diajak pulang.
Besok Pak Semar mau mengajak mereka ke rumah Pak Gareng.
Anak-anak sangat senang.

Kira-kira mereka mau ngapain ya?

ISBN 978-623-112-559-0 (PDF)



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023**